boʻlgan. Bu yerda rossiyalik savdogarlarni, qoʻqonliklarni, shuningdek, forslarni uchratish mumkin edi. Har yili Buxoroga 5 ta yoki 4ta karvon Erondan kelar edi" [5:24] Yoki Tumanovich oʻzining B.B.Bartold haqida yozgan asarida: "Samarqand va Buxoroda yashovchi aholi orasida eroniy millatiga mansub xalqni koʻp uchratish mumkin edi. Ular tojiklarga yaqin turadilar. Lekin ularning tili va diniy mazhabi biroz boshaqacha, ya'ni eroniylar shialar, tojiklar sunniylar deb ta'kidlaydi" [5:24].

Amudaryodan tashqarida ham, undan oldin ham yashab, Buxoro hukmronligini tan olgan turli xil koʻchmanchi qabilalardan boʻlgan turkmanlar, aytilganidek, xon umumiy majburiyat e'lon qilgan taqdirda 18 ming kishi zaxirasida boʻlishi kerak. Ular oʻz mablagʻlari hisobidan ta'minlangan va jihozlangan. Shunday qilib, Buxoroning kuchini 36 mingdan ortiq odamga baholash mumkin. Ammo bu raqam haqiqiydan koʻra koʻproq nominaldir. Turkmanlarning deyarli hammasi oʻz otlariga ega, ammo qurollari oʻzbeklarga qaraganda ancha kam boʻlgan [8:43].

Yahudiylar Buxoroni qonun qoidalariga rioya qilgan holda hayot kechirgan. Diniy masalalarga amal qilgan. Bu haqida Emelyanko ham quyidagi fikrlarni keltirgan. Yahudiylar tomonidan diniy koʻrsatmalarga amal qilish amir hukumati tomonidan qoʻllab-quvvatlangan va aholi tomonidan ma'qullangan, ular uchun din qonunlarining daxlsizligi, davlat tuzumini qoʻllab-quvvatlash kerak boʻlgan va ularga rioya qilishgan. Yahudiylar ilgari musulmon dunyosida Buxoro yahudiylari yagona jamoa boʻlib yashashgan. Ularning har bir a'zosi, yashash joyi va xonliklaridan qat'i nazar, teng huquqli pozitsiyada boʻlgan. Musulmon jamiyatida bir marotaba qabul qilingan xulq-atvor qoidalari va munosabatlarning buzilishi, kim boʻlishidan qat'i nazar, islom asoslari va qonunlariga tajovuz sifatida qaralgan va jazolangan. Davlat tuzilmalari bilan barcha aloqalar jamiyat rahbarlari tomonidan amalga oshirilgan va oddiy a'zolar faqat ular bilan muomalada boʻlganlar [6:17-18].

Shunday qilib, Buxoro amirligi hududida yashagan xalqlarning yuqorida tabiblik va davlat boshqaruv sohasida ham oʻz oʻrniga ega boʻlganini koʻrish mumkin. Bundan koʻrinib turibdiki, Buxoro amirlari ham ularga ishongan va boshqa millat vakillari boʻlishiga qaramay sadoqat bilan xizmat qilgan. Ta'kidlash joizki, mazkur etnik guruhlar ham amirlik aholisi tarkibida uning ijtimoiy-iqtisodiy jarayonlarida oʻziga xos rol oʻynagan. Jumladan, ular ham boshqaruv tizimidan tortib, ixtisoslashgan hunarmandchilik sohalari, savdo, tovar-pul munosabatlariga oʻzlarining munosib hissalarini qoʻshib borganlar. Oʻzbekiston xalqi mentalitetida etnotolerantlik xususiyati chuqur singgan qadriyat boʻlib, bu uzoq mafkuraviy bosqichlarni bosib oʻtgan. Shunday tarixiy davrlardan biri soʻnggi oʻrta asrlar davri hisoblanadi. Xususan, koʻp etnosli Buxoro amirligi ijtimoiy-iqtisodiy hayotida milliy guruhlar oʻziga xos oʻrin egallagan va amirlikda etnoslararo munosabatlar ham hamjihatlik asosida yoʻlga qoʻyilgan edi.

**Adabiyotlar**


1. Orziyev M. XX asr boshlarida Buxoro matbuotida sogʻliqni saqlash muammolarining ask etishi // XIX asr – XXasr boshlarida Markaziy Osiyoda intellektual meros: an'analar va innovatsiyalar. Ilmiy toʻplam. –Toshkent: 2018.
2. Karomov R.H. Buxoro tibbiyotining Buxoro Xalq Sovet Respublikasi davridagi tarixi. // QarDU xabarlari. –Qarshi: 2021.
3. Мейендорф Е. К. Путешествие из Оренбурга в Бухару.
4. Normurodova G. Buxoro amirigida sharq etnik guruhlari va ularning ijtimoiy-iqtisodiy hayotdagi oʻrni // "Buyuk ipak yoʻlida umuminsoniy va etnik qadriyatlar: til, ta'lim va madaniyat" mavzusidagi xalqaro ilmiy-amaliy anjuman materiallari. - Samarqand-Shanxay: 2016.
5. Alieva F., Sharipov S. Vatan yagonadir – vatan bittadir. 2018.
6. Емельяненко Т.Г. Бухарские евреи: судьба диаспоры этнографическое обозрение № 5, 2009.
7. Борнс А. Путешествие в Бухару. -Т.:1848..
8. Записки о Бухарском ханстве. Отчеты П.И.Демезона и И.В.Виткевича.



**REZYUME.** Ushbu maqolada Buxoro amirligida yashagan turli etnik guruhlar, jamiyat ijtimoiy-iqtisodiy hayotining deyarli barcha sohalarida ishtirok etganliklari va ularning bu yerda yashab savdo-sotiq bilan shug'ullanishiga qonuniy ravishda ruxsat etilganligi keltirilgan. Xonliklarda faoliyat yuritayotgan etnik guruhlar jamiyatning barcha sohalarida muhim rol oʻynagan. Bularning ichida Buxoro amirligi alohida ajralib turadi. Bu amirlik vakillari tibbiyot va boshqaruv tizimida qatnashganliklarini yaqqol koʻrishimiz mumkin.

**РЕЗЮМЕ**. В данной статье отмечается, что в Бухарском эмирате проживали разные этнические группы, участвовали практически во всех сферах социально-экономической жизни общества и имели законное право жить и торговать здесь. Этнические группы, действовавшие в ханствах, играли важную роль во всех сферах жизни общества. Среди них выделяется Бухарский эмират. Мы можем ясно видеть, что представители этого эмирата участвовали в медицинской и административной системе.

**SUMMARY.** This article is mentioned that different national groups that lived in Bukhara Emirate participated in almost all spheres of social and economic life of the society and that they were legally allowed to live and trade here. National groups operating in khanates play an important role in all spheres of society. Among them, Bukhara Emirate stands out. We can clearly see that the representatives of this nation participated in the medical and administrative system.


## ҚУБЛА-ШЫҒЫС ҮСТИРТ АЙМАҒЫНДАҒЫ ТАРИЙХЫЙ ЖЕР-СУЎ АТАМАЛАРЫ ҲАҚҚЫНДА


**Е.Е.Қанаатов –** *докторант*

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**С.С.Шамшаддинова –** *ассистент оқытыўшы*

*Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети*



**Таянч сўзлар:** тарихий топонимлар, Жанубий-шарқий Устюрт, этимология, лексика-семантик маъно, Адаққала.

**Ключевые слова:** исторические топонимы, Юго-Восточный Устюрт, этиология, лексика-семантическое значение, Адаккала.

**Key words:** historical toponyms, South-Eastern Ustyurt, etiology, vocabulary-semantic meaning, Adakkala.


Ҳәр бир атаманың өз тарийхы, пайда болыў себеплери бар. Дәрья, суў, қудық, булақ, көл, теңиз атларын (гидронимлерди), таў, сай, жыралар, тоғай, жайлаў атамаларын (оронимлерди), халық жасайтуғын мәканлардың атларын (ойконимлерди) ҳәр тәреплеме изертлеп, атамаларының себебин, тарийхый мәнисин анықлаў илимий изертлеўлерди талап етеди. Белгили бир аймақтың ономастикалық атамаларына қарап сол аймақта мәкан еткен әўладтың тарийхы туўралы, турмыс тәризи ҳаққында, ойлаў-пикирлеў дүньясы жөнинде мәлим бир жуўмақ жасаўға имканият жаратылады.

Топонимлердиң лексика-семантикалық топарларын анықластырғанда географиялық атамалардан халықтың басынан кешкен ҳәрқыйлы ўақыяларды, олардың мәдений, руўҳый турмысынан хабар беретуғын фактлерди көплеп гезлестириўге болады. Биз сөз етпекши болып атырған Қубла Үстирт топонимлери: 1) қоршаған орталықтың физика-географиялық сыпатын көрсететуғын топонимлер; 2) адамлардың хожалық, турмыслық ис-ҳәрекетлери ҳәм жәмийетлик қатнасларын көрсететуғын топонимлер; 3) тарийхта жасап өткен руў-қәўим, тайпа-халықлардың турмысы менен яки қандай да бир

тарийхый ўақыя менен байланыслы топонимлер болып бөлинеди. 1. Қоршаған орталықтың физика-географиялық сыпатын көрсететуғын топонимлер – қоршаған орталықтың физика-географиялық өзгешеликлерин, өсимликлер, жанўарлар дүньясын, географиялық объекттиң көлем, түр, түс, орналасыўына байланыслы қойылған атамаларды *(Қыйсықшыңыраў, Жийдели, Ақбулақ, Ақтумсық, Ағыйын, Қараўымбет, Жәйранлы, Сайғақлы, Қустаў, Гүркиреўик ҳәм т.б.)* қурайды. 2. Адамлардың хожалық, турмыслық ис-ҳәрекетлери ҳәм жәмийетлик қатнасларын көрсететуғын топонимлерге халыққа кең танымалы болған ямаса сол мәканда жасап өткен ҳәм сол аймақтағы халық ушын белгили шахслардың аты менен байланыслы топонимлер *(Дәўлеткерей, Даўыт ата, Ийтбай, Әжибай, Әжигелди, Қабанбай, Күнхожа, Абадан ҳәм т.б.)* киреди. 3. Тарийхта жасап өткен руў-қәўим, тайпа-халықлардың турмысы менен яки қандай да бир тарийхый ўақыя менен байланыслы топонимлерге өтмиште сол әтирапта жасаған тайпа, руў-қәўим, халық атларына яки тарийхый ўақыяға байланыслы дөреген топонимлер *(Аланқала, Кетенлер, Ассаке аўдан ҳәм т.б.)* қамтыйды.

**1. Адаққала.** Адаққала Үстирттиң түслигинде, Орын дәрьясының аяғында бийик қумлықта жайласқан XV-XVIII әсирлерге тийисли тарийхый қала. Адақ қаласы бурын қурғақтан, суў арқалы қоңсы халықлар менен саўда-сатлық ислейтуғын, елшилер жүретуғын жолдың бойында, яғный, Ўәзир (Дәўкескен) қаласынан Хорасанға баратуғын жолдың бойында орналасқан. Арал теңизиниң астында да Адақ деген қала қалып кеткен деген аңызлар бар [1:19]. Әмиўдәрья Сарықамысқа қуйып турған ўақытлары (XIV-XVI әә) суўға жақын жерде көп қалалар салынған. Адақ қала да солардың бири. *«Адақ»* сөзин *«аяқ», «қуярлықтағы»* деген мәнини билдиреди, деген пикирлер бар [2:40]. М.Қашғарийдың «Дийўаны луғат-ат түрк» ушырасатуғын *«адақ»* сөзиниң мәниси де *«аяқ»* мәнисин билдиреди. Адақ арба да аяғы енди шыққан балаға айдатып үйретиледи. Бизиң ойымызша, *«Адақ»* сөзи Үстиртте б.э.ш. I әсиринде сак-массагет қәўимлери менен қоңсылас жасаған *даха (даҳа, дай)* қәўимлери атамасы менен байланыслы. *Даха* атамасынан көп сөзлер бүгинги күнге шекем жетип келген. Мәселен, С.Толстов түрикпенлердеги *теке* қәўимин *«даха»*дан келип шыққан [3], деп есапласа, қазақлардың Киши жүзиндеги *«Адай»* руўы атамасының келип шығыўы да *даха* яки *дай*ға барып тақалатуғыны бойынша болжаўлар бар [4:104]. Адақ қаланы Шейбаний ханның жаўлап алғанлығы, XII-XIV әсирлерде ол үлкен қала болғанлығы ҳаққында көплеп тарийхый мағлыўматлар сақланып қалған. 1573-жылда Әмиўдәрья өз саласын бурып қайтадан Арал теңизине қуя баслаған ўақытта Гурганж (Гөне Үргениш), Ўәзир, Адақ, Тирсек қалалары суўсызлық нәтийжесинде қарабаханаға айланады.

**2. Аланқала –** «Жаслық» поселка пуқаралар жыйынына қараслы, Ағыйын шорының түслик-батысында жайласқан Үстирттеги тарийхый орын. Аланқала қорғаны XII-XIV әсирлерге тийисли естелик, сондай-ақ, бул әтирапта тас әсиринде жасаған адамлардың излери де табылған [5:52-64]. С.П. Толстов «Әййемги Хорезм цивилизациясы изинен» атамасындағы мийнетинде «Аланқала атамасы әййемги дәўирдеги алан халқы менен байланыслы», деп көрсетип өткен [6]. Аланлар б.э.ш. I мыңжыллықтың ақыры ҳәм эрамыздың I мыңжыллықлары басында Арал теңизи әтирапында, Үстиртте жасаған. Үстиртте Қараалан, Қоңыралан, Диңалан, Сүмбетемиралан деген жер атамалары да бар. Арал-Каспий аймағы халықлар мәдениятын, тарийхын изертлеген қазақстанлы алым С.Әжиғалий Аланлардың Арал-Каспий аймағында бизаға дейин өмир сүргенлигин, олардың излери Үстирттеги Аланқала атамасы ҳәм түрикпенлердиң алан (олам) тайпасының атамасында жатырғанлығын айтып өтсе [7:66], түрикпен илимпазы С.Атаниязов «Словарь туркменских этнонимов» атлы монографиясында алан этнонимин әййемги иранлық «арияна» сөзинен келтирип шығарады, яғный, Алан – «арийлер ели» [8:19]. Алан сөзи менен байланыслы топонимлер Бухара, Хорезм ўәлаятларында, сондай-ақ, Түркменстанның Ташаўыз ўәлаятында да ушырасады. «Алан» сөзи ҳаққында М.Қашғарийдың «Дийўаны луғат-ит түрк» мийнетинде де түсиник бериледи. Онда «алан» сөзи ашықлық, тегислик, тик мәнилерин билдиреди деп көрсеткен [9:19].

**3. Арал**. Тарийхта Оғуз көли, Жент көли, Кердер көли, Көк теңиз, Хорезм көли, Үргениш көли, Сыр көли, Батыс теңиз (қытай жылнамаларында) деп аталған Аралдың атамасы биринши мәрте француз сарай географы Делилдиң 1723-жылы сызған картасында «Арал теңизи» деп аталады [10]. «Арал» сөзи түркий тиллерде атаў мәнисин билдиреди. Түрклер шежиресин жазған Абулғазы Баҳадырхан «арал» сөзин «дәрьяның көлге қуятуғын жери» деп түсиник берген, теңиз кейинирек усы атаманы (Арал теңизи) алған [11:21]. В.В. Бартольдтың атап өтиўинше, Әмиўдәрья дельтасы аймағы «Аралан», яғный, дәрьялар арасындағы атаў деп айтылған. «Арал теңизи» атамасы усыннан келип шыққан [12:712]. Академик С.Камалов пенен С.Қабулов қоспа авторлығындағы мақалада «Арал» атамасы «Аран» сөзинен алынған деп пикир билдиреди. Авторлар «Аран» әййемнен тилимизде бар сөз болып, «шуқырлық, ойпатлық» деген мәнилерди билдиретуғынлығына, Арал теңизи әтирапында жасаўшы халық «аранлы» деп аталғанлығына, «аранлы» сөзи кейин ала «араллы» болып өзгерип кеткенлигине нәзер аўдарады. *“Согласно правилам арабской письменности, отдельные буквы в зависимости от соседних, читаются неодинаково. Например, буква “н” (нуни сукун) читается как “м” (мим), если за ней следует буква “б” (бе). Например, пишется “Истанбул”, “занбар”, “нонбар”, а читается соответсвенно “Истамбул”, “замбар”, “номбар”... Буква “н” (нуни сукун) читается как последующая буква, если за ней следуют буквы “йа”, “я”, “р”, “в”, “л”, “м”, “н”. Например, пишется “мин робихим”, “афаман йамши”, а читается соответственно “мир робихим”, “афамай йамши” и др. В термине “аранли” за буквой “н” (нуни сукун) следует буква “л” (лам). Согласно отмеченному правилу, в слове “аранли” буква “н” (нуни сукун) читается как “л” (лам), как следствие – термин “аранли” читается как “араллы”...*, - делинеди мақалада [13].

**4. Ассаке аўдан** – Қоңыраттан 222 км қубла-батыста, Үстирттиң қубла қыры менен тутасып атырған усы атамадағы (Ассаке аўдан) ойпатлықтың арқа шетинде жайласқан XIV әсирге тийисли тарийхый қала. Илимпазлардың анықлаўынша, *“Ассаке”* сөзи Үстиртте жасаған *ас* ҳәм *сақ* қәўимлериниң атамасынан келип шыққан. “Ассаке” атамасы менен аталатуғын жер атамалары Өзбекстанның басқа ўәлаятларында да ушырасады, мәселен, Әндижан ўәлаятындағы Асака қаласының да дәслепки атамасы “Ассаке” болған.

**5. Барсакелмес.** Барсакелмес Үстирттиң орайлық бөлиминде жайласқан дуз кәни. Барсакелмес шор көли 21 миллион жыл алдын жоқ болып кеткен Тэтис океанының қалдығы. Дуз кәниниң узынлығы 75 кмге, ени 40 кмге шекем созылады, тереңлиги 30-60 метрди, резерви 105 млрд. тоннаны қурайды. Бул дуз кәнинен Қоңырат районы аймағында жайласқан «Қоңырат сода заводы»на шийкизат қазып алынады. Барсакелмес деп не ушын аталыўы бойынша мынандай аңыз бар. Онда

айтылыўынша, шор көл ишинде Шайтанқала деп аталатуғын әййемги қорған бар. Усы қорғанда көп муғдарда алтын көмилген. Бул алтынлар б.э.ш. IV асрда Әййемги Хорезмде ҳүкимдарлық еткен Фарасманға тийисли болған. Неше әсирлерден берли усы алтынларға ийе болыў нийетинде бул жерлерге атланған көплеген адамлар изсиз ғайып болып, қайтып келмеген. Соның ушын «барсаң, қайтып келмейсең» деген гәп тарқап, бул жерге сондай атама берилген. Әййемги Хорезм цивилизациясын изертлеген алым С.П.Толстов Шайтанқаланың үстинен самолет пенен ушып өтип, бул жерде тарийхый қала орны жоқ екенлигин мәлимледи [3:47]. Деген менен, Барсакелмес дуз кәниниң арқа-батыс тәрепинде мол душшы суў көзлери бар болғанлықтан ол жерлерде Гүркиреўик, Аланқала, Сүмбетемиралан, Ардана, Жийес сыяқлы онлаған тарийхый қоныслықлар ҳәм қалалар орны анықланған. Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2022-жыл 27-сентябрь күнги 530-санлы қарарына тийкар бул аймақтан «Барсакелмес» мәмлекетлик буйыртпа қорықханасы шөлкемлестирилип, Қарақалпақстан Республикасы Қоңырат районы Үстирт тегислигинен 280 000 гектар жер ажыратылды.

**6. Белеўли** – Үстирттиң орайлық бөлиминде, Жаслық поселкасынан арқада 63 км қашықлықта жайласқан орта әсирлерге тийисли кәрўан сарай. “Белеўли” сөзиниң мәниси – “таўдың орта тусынан қазылған қудық” [14:40]. Кәрўан сарайдың әтирапында 8 сардоба, 3 қудық бар.

**7. Даўыт ата** – Қоңырат районы орайынан қубла батыста, Үстирт бийиклигине шығар жерде жайласқан қойымшылық, тарийхый ҳәм зыярат орны. Бул жер белгили қазақ батыры Даўыт Асаў улының атына қойылған. Даўыт атаның қәбири усы қойымшылықта жатыр. Даўыт батыр 1787-жылы Үстирт аймақларының биринде дүньяға келген. Оның әкеси Асаў да, атасы Барақ та белгили батыр адамлар болған. Даўыт ата 1874-жылы 87 жасында қайтыс болып, Қоңырат районына қараслы «Хорезм қақпасы» деп аталатуғын (ҳәзирги Даўыт ата қойымшылығы) жерде жерленген [15:7-16].

**8. Дәўкескен (б.э.ш. IV-III әә. – эр. XV-XVII әә.)** Қубла-шығыс Үстирт қырының етегинде, Шоманай районынан 56 км қубла-батыста жайласқан тарийхый естеликлер комплекси. Комплекстиң бир бөлеги Түркменстанға, бир бөлеги Қарақалпақстанға (Қоңырат районы) киреди. Бизиң ойымызша, “Дәўкескен” атамасы кейин, шама менен XVIII әсирлерге келип жергиликли халық тәрепинен қойылған. Тарийхшы илимпазлардың анықлаўынша, бул жерде алдын Ўәзир қаласы болған. 1558-жылы Ўәзир қаласына келген инглис саяхатшысы Антони Дженкинсон “Дәўкескен” қаласында хан сарайы болғанлығын айта келип, қала атамасин “Селлизюр” деп қолланады. Сол ўақта қала “Шахри Ўәзир” деп аталатуғын еди. Инглис саяхатшысы сөздиң қалай айтылыўына қарап өзинше жазған. Үстирт қырына салынған б.э.ш. V-IV әсирлерге тийисли үлкен қашы бар. “Дәўкескен” атамасы әне усы қашыларға қарата халық тәрепинен қолланылған болыўы керек: “Дәў” (ертеклердеги дәўлер) ҳәм “кескен”. 2600 метрге созылып атырған үлкен қашыны дәўлер тасты кесип ислеген түсиник болған болыўы мүмкин. Және бир вариант: таўды кесип ислеген, деген түсиник те болыўы итимал. Себеби, Дәўкескенге жақын Ибрайым шаҳ қойымшылығында Фарҳад ҳәм Шийринниң қәбири бар. Иран халықлары әдебиятында, соң түркий халықлар шайырлары дөретиўшилигинде де белгили болған “Фарҳад ҳәм Шийрин” ашықлық дәстанында Фарҳад тас устасы болып, таўды жарып (кесип) суў әкеледи (Соннан Таўкескен, Дәўкескен болып дөреген болар, бәлким). Дәўкескен қаласының әтирапында қәндек қазылған. Мине усы дәстан Дәўкескен қаласында жасайтуғын халықлар арасында кең тарқалған болса керек, таўды жарып (кесип) әкелген Фарҳадтың ҳәм оның сүйиклиси Шийринниң қәбириниң усы жерде жайласыўын халықтың тилек-нийетлеринен дөреген аңыз деп қабыл етиўимиз мүмкин. Себеби, бул қала халқы да кейиншелик суў келмей қалғанлығы себепли басқа орынларға көширилеtelecom. Әлбетте, бул мәселе келешекте еле де кеңирек изертлеўди талап етеди.

**9. Дәўлеткерей** – Мойнақ қаласынан 105 км арқа-батыста, Арал теңизиниң қубла-батыс тәрепинде, Үстирт қыры етегинде жайласқан XII-XIII әсирлерге тийисли археологиялық комплекс. Археологиялық комплекс қорған, хабар бериў минарасы, гүлал ошақ ҳәм т.б. қурылысларды өз ишине қамтыйды. “Дәўлеткерей” атамасы 1717-жылы Хийўа ханлығы аймағына экспедиция шөлкемлестирген Александр Бекович-Черкасский исми менен байланыслы. Александр Бекович-Черкасскийдиң христиан динин қабыл еткенге шекемги исми Дәўлеткерей Бекмурза улы болған. Ол кабардин князларының әўлады. Петр I тапсырмасы менен ол 1714-1717-жыллары Арал-Каспий аймағына экспедиция шөлкемлестиреди. Жол бойы турақлаған орынларына қорған салып келеди. Аланқала, Қараўымбет қорғанларын да Александр Бекович-Черкасский қурдырған деген мағлыўматлар жазып қалдырылған [5:272]. Ойымызша, сол дәўирде Үстиртте жасайтуғын жергиликли халық тастан өрилип қурылған қорғанларды Дәўлеткерей қурған деп ойлаған болыўы керек. Себеби, экспедиция қурамында 6000 ағзасы, мыңлап ат-түйе, қурал-жарақлары болған соң бул ўақыя халықтың ядында өшпестей тәсир қалдырғанлығы анық. Тарийхтан мәлим, Александр Бекович-Черкасскийдиң Хийўаға болған усы сапары сәтсиз жуўмақланады. Хийўа ханы Шерғазы хан тәрепинен Александр Бековичтиң өзи ҳәм көплеп экспедиция ағзалары өлтирилип жибериледи. Дәўлеткерей қорғанының екинши атамасы “Қорғанша”. “Дәўлеткерей” деп көбинесе хийўалылар, ал, “Қорғанша” деп қырғызлар *(қазақлар ҳәм қарақалпақлар. Орыс илимпазлары қазақлар менен қарақалпақларды көбинесе қырғыз деп атаған – Е.Қ., С.Ш.)* атайтуғын болған [16:64].

**10. Дуўана** – Үстиртте көплеп археологиялық естеликлер табылған аймақлардың бири. Дуўана тумсығы Үстирттиң қубла-шығыс қырында, Мойнақ районы орайынан арқа-батыста 180 км қашықлықта жайласқан. “Дуўан” – түрки, моңғол тиллеринде сеслик тәрептен ҳәр түрли айтылып, “таў белеси, дөңес, қыр” деген мәнилерди аңлатады [14:83].

**11. Жийес** – Барсакелмес ойпатлығының батысында жайласқан тарийхый қоныслық. “Жийес” атамасы Жийес бий исми менен байланыслы қойылған болыўы мүмкин. Себеби, қыпшақлар көсеми Жийес бий Ноғайлы заманында Едил-Жайық бойынан Үстиртке шекемги аралықта бийлигин жүргизген [17].

**12. Қараўымбет** – Қоңырат районының “Елабат” поселка пуқаралар жыйынына қараслы тарийхый орын. Бул жерде X-XI әсирлерге тийисли кәрўан сарай ҳәм IX-XIII әсирлерге тийисли хабар бериў минарасы бар. “Қараўымбет” сөзи тийкары “Қара гүмбез” (үлкен гүмбез) дегеннен келип шыққан. Түрикпенлер гүмбезди «гүмбет» дейди. Түрикпенше «Қарагүмбет» бизде «Қараўымбет» болып айтылып кеткен.

**13. Қасарма –** Үстирттиң қубла-шығыс қырында жайласқан усы атамадағы тарийхый орында душшы суў көзи де бар. Булақ көзи қанша пителсе де қасарысып аға бергенликтен, жергиликли халық булақты «Қасарма» деп атап кеткен.

**Қоңырат** – түркий халықлардың көпшилигинде ушырасатуғын “Қоңырат” урыўы атамасынан келип

шығып қойылған. Негизи қоңырат атамасы этимологиясы тарийхтағы Қаңғар мәмлекети атамасы менен байланысады. "Қаңғар" атамасына "ат" көплик жасаўшы қосымтасы қосылып, "Қаңғарат" болған. Қаңғарлардың бир бөлеги Европаға кеткен. Ҳәзирги венгерлер - қаңғарлар (инглисше Hungars, мәмлекет атамасы болса Hungary деп аталады). Қарақалпақ, қазақ, башқурт миллетлеринде ушырасатуғын ири Қаңлы урыўы усы Қаңғар менен байланыслы. Қаңғар аўқамының территориясы үлкен болған, ҳәзирги Қоңырат районы территориясының бираз бөлеги де соған кирген.

**Әдебиятлар**


1. Әмирлан С. Қарақалпақ фольклорында тарийхый қалалар атлары // Город и городская культура в Южном Приаралье: история и перспективы. – Нукус: «Илим», 2017. –С. 119.
2. Есбергенов Х. Қоңырат тарийхый ҳәм мәдений естеликлери. – Нөкис: «Билим», 1993. 40-б.
3. Толстов С. Древний Хорезм: Опыт историко-археологического исследования. - М.: МГУ, 1948.
4. Аманжолов С. Вопросы диалектологии и истории казахского языка. –Алматы: 1959. -С. 104.
5. Древняя и средневековая культура Юго-восточного Устюрта. – Ташкент: «Фан», 1978. – С. 52-64.
6. https://opentextnn.ru/old/history/archaeology/expedetion/Tolstov/index.html@id=1137
7. Аджигалиев С.И. Генезис традиционной погребально-культовой архитектуры Западного Казахстана (на основе исследования малых форм). – Алматы: «Ғылым», 1994, - С. 66.
8. Атаниязов С. Словарь туркменских этнонимов. – Ашхабад: 1988, -С.19.
9. Досимов З., Эгамов Х. Жер атамаларының қысқаша түсиндирме сөзлиги. – Нөкис: «Билим», 1991. 12-б.
10. http://www.cawater-info.net/all_about_water/?p=4160#more-4160
11. Арал: история исчезающего моря. –Душанбе: 2003. –С. 21.
12. Бартольд В.В. Работы по исторической географии. -Москва: «Восточная литература», 2002. –С. 712.
13. Камалов С., Кабулов С. Аральское море или Аранское... // ӨзИА Қарақалпақстан бөлими Хабаршысы, 2000. №5
14. Көшімова Б. Маңғыстау өңірі жер-су атауларының түсіндірме сөздігі. – Алматы: «Нурлы әлем». 40-б.
15. Жетпісбай Н. Қазақтың қаһарманы Дәуіт батыр // Жұмабек жолы. № 4-5(2017). 7-16-б.
16. Бижанов Е. Средневековая крепость Давлетгирей на Устюрте // ӨзИА ҚҚб Хабаршысы, 1965. №4. –С. 64.
17. https://t.me/kketnografiya/1306



**РЕЗЮМЕ.** Мақолада Жанубий-шарқий Устюрт ҳудудидаги тарихий ер-сув атамалари тўғрисида гап боради. Жанубий-шарқий Устюрт тарихий объектларга бой ўлка. У жойдаги ер-сув номлари тарихдан сир очади. Муаллифлар ушбу манзилдаги топонимлар этимологиясини, лексика-семантик маъносини тадқиқ қилади ва баъзи топонимлар бўйича ўз фикрларини ҳам илгари суради. Шунингдек, муаллифлар жанубий-шарқий Устюрт ҳудудидаги топонимларни келиб чиқиши, лексик-семантик хусусиятига қараб 3 турга бўлиб тадқиқ қилган.

**РЕЗЮМЕ.** В статье говорится об исторических топонимах Юго-Восточного Устюрта. Юго-Восточный Устюрт – богатый край историческими объектами. Названия земли и воды в этом крае раскрывают тайну истории. Авторы исследуют этимологию, лексико-семантическое значение названий земли и воды в этом край, а также высказывают свое мнение о некоторых топонимах. Также авторы делят топонимы Юго-Восточного Устюрта на 3 типа в зависимости от их происхождения, лексико-семантических особенностей.

**SUMMARY.** The article talks about the historical toponyms of the South-Eastern Ustyurt. South-Eastern Ustyurt is a rich region with historical objects. The names of land and water in this region reveal the secret of history. The authors explore the etymology, lexical and semantic meaning of the names of land and water in this region, and also express their opinion on some toponyms. The authors also divide the toponyms of the South-Eastern Ustyurt into 3 types depending on their origin, lexical and semantic features.


# СОСТОЯНИЕ АКАДЕМИЧЕСКОЙ НАУКИ КАРАКАЛПАКСТАНА НА НАЧАЛЬНОМ ЭТАПЕ НАЦИОНАЛЬНОЙ НЕЗАВИСИМОСТИ


**Р.Сеилбекова** – *докторант*

*Нукусский государственный педагогический институт имени Ажинияза*



**Таянч сўзлар:** мустақиллик, илм-фан, илм-фан ривожи, институт, тадқиқот.
**Ключевые слова:** независимость, наука, развитие науки, институт, исследования.
**Key words:** independence, science, development of science, institute, research.


После приобретение независимости Республикой Узбекистан, а вместе с ней и Каракалпакстаном стояла задача - "В короткий период исправить трагические последствия неудавшегося исторического эксперимента, построить подлинно демократическое общество с современной рыночной экономикой, способной обеспечить достойные условия жизни людей, защитить их права и свободы" [1:4].

Для реализации этих важнейших задач первостепенное значение отводилось развитию науки и научной инфраструктуры. Выступая на торжественном заседании, посвященном 50-летию Академии наук Узбекистана, Первый Президент Республики Ислам Каримов говорил: "Сегодня мы строим независимое государство. Наши перспективы, наше развитие во многом зависят от сегодняшних исследований ученых, от их подвижничества и самоотверженности, высоких творческих способностей и разумных рекомендаций" [2:77-78]. Эти слова Президента обязывают ученых республики быть постоянно в авангарде борцов за научно-технических прогресс. В составе суверенного Узбекистана находится Республика Каракалпакстан, которая располагает богатым научным потенциалом.

В 1991 году, после приобретения независимости, отдавая дань уважения национальной самостоятельности Республики Каракалпакстан, Каракалпакский филиал АН УзССР был преобразован в Каракалпакское отделение АН Республики Узбекистан. Это мероприятие подняло авторитет каракалпакской науки на еще одну ступеньку выше.

Председатель Каракалпакского отделения АН РУз академик С.К.Камалов по статусу был назначен вице-президентом Академии наук Узбекистана.

В 1991 году в состав отделения входили четыре научно-исследовательских института: Институт истории, языка и литературы имени Н.Давкараева, Комплексный институт естественных наук, Вычислительный центр, Ботанический сад на правах института. Академия наук Узбекистана большое внимание уделяла совершенствованию состава и структуры Каракалпакского отделения. Так, в 1992 году на базе Института истории, языка и литературы были образованы два института: Институт истории, археологии и этнографии и Институт языка и литературы им. Н.Давкараева. Были также разработаны отдельные положения, по которым осуществлен переход научных сотрудников на контрактную систему, что сразу же подняло статус научных учреждений.

В 1992 году в связи с реорганизацией отдела АН СССР, научно-исследовательский координационный центр Арал (НИКЦ) постановлением Кабинета Министров при Президенте Республики Узбекистан №494 от 26 октября 1992 г. был передан в состав Каракалпакского отделения АН РУз, как самостоятельный отдел и